



Pou Piblikasyon Imedya: 22/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PASE ENSTRIKSYON BAY INITE KONT KRIM RAYISANS  
LAPOLIS ETA A POU ASISTE NAN ENVESTIGASYON SOU ATAK GRAFITI RASIS  
SOU BIS MTA**

“Mwen degoute ak grafiti rasis ak langaj sipremasi blan ki vize moun nwa yo te jwenn sou de bis Otorite Transpò Metropolitèn yo (Metropolitan Transportation Authority, MTA) nan Brooklyn. Langaj abominab sa a pa gen plas nan Eta nou an, epi MTA a te retire toude bis yo nan sèvis apre yo te rapòte grafiti yo.

Mwen bay enstriksyon ak Inite Kont Krim Rayisans Lapolis Eta New York la pou asiste otorite lokal yo, gen ladan I Depatman Lapolis New York (New York Police Department, NYPD) la ak Lapolis MTA a, nan investigasyon sou grafiti detestab sa a epi pou bay tout resous nesèsè yo pou rann otè yo responsab nan tout dimansyon lalwa. Krim rayisans yo pa sèlman pa bon - yo ilegal.

Nan New York, nou gen zewo tolerans pou rasis, diskriminasyon, oswa rayisans. Fas ak kansè divizyon k ap repann nan tout nasyon an, nou dwe kanpe kont zak detestab sa yo epi konbat rayisans nan tout fòm li yo”.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)